# Málimleme hám talqılaw basqarması

**Málimleme hám talqılaw basqarması**

**Málimleme hám talqılaw basqarmasınıń funkcional wazıypaları haqqındaǵı**

**N Í Z A M**

## 1-bap. Ulıwma qaǵıydalar

1. Usı Qaǵıyda Ministrler Keńesiniń Málimleme hám talqılaw basqarmasınıń funkcional wazıypaların belgileydi.

2. Málimleme hám talqılaw basqarması (keyińgi orınlarda basqarma dep ataladı) Ministrler Keńesiniń funkcional strukturalıq bólimi esaplanadı.

3. Basqarma óz iskerliginde Ózbekstan Respublikası hám Qaraqalpaqstan Respublikası Konstitutsiyaları hám nızamlarına, Ózbekstan Respublikası Joqarı Jıynalısı palatalarınıń qararlarına hám basqa hújjetlerine, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń húkimleri, qararları hám buyrıqlarına, Ministrler Mákemesiniń qararları hám buyrıqlarına, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń qararları hám basqa hújjetlerine, Ministrler Keńesiniń qararları hám buyrıqlarına, sonıń menen birge, usı Qaǵıydaǵa ámel etedi.

4. Basqarma iskerligi ámelge asırılıp atırǵan reformalarınıń málimleme hám talqılaw támiyinlewge, ekonomika keńseleri hám tarawdıń basqarıw shólkemleriniń ekonomikalıq, tarmaq hám aymaqlıq rawajlandırıwdıń programmaları strategiyasın islep shıǵıwdaǵı maálimleme-talqılaw hám iskerligin muwapıqlastırıwǵa, qısqa múddetli dáwirde ekonomikalıq jáne social siyasat nátiyjeliligin asırıw boyınsha usınıslar hámde orta múddetli hám uzaq múddetli dáwirlerde ekonomikalıq túpkilikli ózgerisler strategiyasınıń variantları boyınsha analizler ótkeriwde aktiv katnasıw etiwge jóneltirilgen.

## 2-bap. Basqarmanıń wazıypaları hám funkciyaları

5. Tómendegiler basqarmanıń tiykarǵı wazıypaları esaplanadı:

ekonomikalıq reformalardıń ámelge asırılıwın jáne social- ekonomikalıq jaǵdaynıń barlıq jónelisler boyınsha mikro dárejede, sonıń menen birge, tarawlar hám aymaqlar boyınsha atap aytqanda qala hám rayonlardaǵı atqarıw etiwshi húkimet shólkemlerinińin málimleme-talıqlaw hám keleshek

iskerligin muwapıqlastırıw tiykarında sistemalı hám kompleks úyreniwdi shólkemlestiriw;

ekonomikalıq jaǵday jáne social jaǵdaylardı analizlew, maǵlıwmatlardıń tiyisli bazaların jaratıw, ekonomikanıń sapa tárepinen ózgerislerin jáne onıń rawajlanıw tendenciyaların bahalaw;

ekonomikalıq jáne social jaǵday, ekonomikalıq reformalardıń tarmaqlar hám aymaqlar boyınsha barıwı, jekelestiriw, strukturalıq hám institucional qayta ózgertiwler máseleleri boyınsha analiz materiallar tayarlaw;

Qaraqalpaqstan Respublikası ministrlik hám basqarmaları, qala hám rayon hákimlikleriniń ekonomikalıq reformalardıń barıwın analiz qılıw hám ekonomika taraw sektorları hámde aymaqlardı rawajlandırıwdıń programmaların islep shıǵıw máselelerindegi iskerligin muwapıqlastırıw;

mámleketlik hám xojalıq basqarıwı shólkemleri, sonıń menen birge, jergilikli atqarıwshı húkimet shólkemleri tárepinen tayarlanatuǵın eń zárúrli social máseleler boyınsha maqsetli programmalar hám Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi qarar, buyrıq joybarların tayarlawda járdem kórsetiw;

basqarmaǵa tiyisli aymaqlar hám tarawlarda social-ekonomikalıq túpkilikli ózgerisler ámelge asırılıwın shólkemlestiriw;

Ministrler Mákemesiniń «Toplanǵan informaciya analiz departamenti» tárepinen aymaqlardı social-ekonomikalıq rawajlandırıw maqsetinde islep shıǵılǵan kompleks programmaların tayarlawǵa kómeklesiw;

tarawlar hám aymaqlar boyınsha social-ekonomikalıq túpkilikli ózgerisler barıwın kompleks analizlew, ulıwmalastırıw hám úzliksiz túrde Ministrler Mákemesine hám Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi Baslıǵına maǵlıwmat beriw;

Basqarmaǵa tiyisli Ózbekstan Respublikası hám Qaraqalpaqstan Respublikası nızamları, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Húkim, qarar hám buyrıqları, Ministrler Mákemesiniń qarar hám buyrıqları, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń qarar hám basqa hújjetleri, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń qarar hám buyrıqları, mámleketlik programmalar atqarıwın támiyinlewde tikkeley qatnasıw;

qala hám rayonlar hákimlikleriniń tiyisli xızmetlerine social-ekonomikalıq rawajlanıw máselelerine tiyisli bolǵan jónelislerde másláhátler beriw, olarǵa ámeliy járdem kórsetiw;

qala hám rayon hákimlikleriniń social-ekonomikalıq rawajlandırıw, ekonomikalıq reformalardı tereńlestiriw, xalıqdı sociallıq qorǵaw

sheńberindegi jumıslarınıń jaǵdayın úyreniw, analiz etiw, olardı jedellestiriw hám usınıslar islep shıǵıw;

qala hám rayon hákimliklerine tiyisli kárxana hám shólkemlerden zárúriy maǵlıwmatlardı alıw, sherek, yarım jıllık, toǵız aylıq hám jıllıq jıynalıs materialın tayarlaw, jıynalıslardı shólkemlestiriw hám ótkeriw menen baylanıslı barlıq iláj hám analizlerdi islep shıǵıp, kórip shıǵıw ushın Ministrler Keńesi Baslıǵına usınıslar kirgiziw;

hákimlik saatı jıynalısı kún rejimi jıynalısı ótkeriliwinde zárúr materiallardı tayarlaw hám ol jaǵdayda tikkeley aktiv qatnas etiw;

ǵalaba xabar qurallarında jaqtılandırıw maqsetinde, málimleme-talqılaw materialların tayarlaw hám ol jaǵdayda aktiv qatnasıw.

## 3-bap. Basqarmanıń huqıqları hám juwapkerligi

6. Basqarma tómendegi huqıq hám minnetlemelerge iye:

Málimleme-talqılaw basqarması ushın belgilengen wazıypalar sheńberinde Ministrler Keńesiniń sekretariatları, huqıq qorǵaw uyımları, kishi hámeldar ministrlikler, basqarma hám keńselerden, Oraylıq bank Qaraqalpaqstan Respublikası bas basqarması hám sawda banklerden, tiyisli kárxana hám shólkemlerden, rayon (qala) hákimliklerden zárúr statistika hám analiz maǵlıwmatlardı hám sociologik soraw juwmaqların soraw hám alıw;

mámleketlik hám xojalıq basqarıwı shólkemleriniń tarawlar hám aymaqlardı rawajlandırıwdıń kompleks programmaların islep shıǵıw hám usı máselelerdegi maǵlıwmatlardı muwapıqlastırıw;

basqarmaǵa júkletilgen wazıypalar sheńberinde Ministrler Keńesi sekretariatları, basqarma hám bólimlerinen, ministrlikler, basqarmalar, kárxanalar, shólkemler, awqamlar, aymaqlıq basqarıw shólkemlerinen, rayon (qala) hákimliklerinen tarawlarda hám aymaqlarda social-ekonomikalıq reformalardı ámelge asırıw, qararlardıń waqıtında sapalı atqarılıwı boyınsha operativ hám statistikalıq informaciyalar soraw;

Ministrler Keńesiniń tiyisli xızmetleriniń, qala hám rayon hákimlikleriniń ekonomikalıq reformalardıń nátiyjelerin analizlew hám ulıwmalastırıw, ekonomika tarawı, sektor hámde aymaqlardı ekonomikalıq rawajlandırıwdıń strategiyası hám programmaların islep shıǵıw máseleleri boyınsha iskerligin muwapıqlastırıw;

qısqa múddetli, orta múddetli hám uzaq múddetli keleshekde social-ekonomikalıq rawajlandırıwdıń strategiyası boyınsha usınıslardı sonıń menen birge, tarmaq hám regionlıq rawajlandırıwdıń programmaların islep shıǵıw

boyınsha usınıslar tayarlaw;

Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikası tarawları hám aymaqlardı social-ekonomikalıq rawajlandırıwdaǵı tendeciyaların xarakteristikalaytuǵın analiz materiallardı Ministrler Keńesi Toplanǵan málimleme-talqılaw departamenti basshısı kórip shıǵıwı ushın tayarlaw hám usınıs etiw;

zárúr social-ekonomikalıq máseleler boyınsha Ministrler Keńesi qarar, buyrıqları, tarmaq hám aymaqlıq programmalar proektlerin islep shıǵıw;

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń ishki jumıs rejimine sózsiz ámel etiw;

basqarmaǵa kelgen hújjetlerdiń belgilengen múddetlerde atqarılıwın támiyinlew.

## 4-bap. Basqarmanıń strukturası

7. Basqarma quramına basqarma basshısı, bas, jetekshi hám eki birinshi kategoriyalı qánigesi kiredi.

8. Basqarma basshısı Ministrler Keńesiniń Baslıǵı sheshimi menen Ministrler Mákemesi menen kelisgen halda, basqarma qánigeleri Ministrler Keńesiniń Baslıǵı sheshimi menen lawazımǵa tayınlanadı hám lawazımdan azat etiledi.

## 5-bap. Basqarma iskerligin shólkemlestiriw

9. Basqarma iskerligi “Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi haqqında”ǵı Qaraqalpaqstan Respublikası Nızamı, usı Qaǵıydaǵa, tastıyıqlanatuǵın perspektivalı hám aylıq jumıs jobaları hámde Ministrler Mákemesi Toplanǵan Málimleme-talqılaw departamentiniń shereklik jumıs jobalarına muwapıq, sonıń menen birge, Ministrler Keńesiniń jumıs jobaları tiykarında shólkemlestiriledi.

10. Basqarmada hár háptede jıynalıslar ótkerilip, berilgen tapsırmalar, jobalardıń atqarılıwın qadaǵalaw, jańa háptege mólsherlengen jumıs hám tapsırmalar belgilep alınadı.

11. Basqarmada jumıs júritiliwi, hújjetlerdiń aylanıwı basqarma qánigeleri tárepinen alıp barıladı hámde sol haqqında hár ayda basqarma basshısına maǵlıwmat berip barıladı.

12. Basqarma basshısı:

Basqarma iskerligine ulıwma basshılıq etedi, kepilligine kiretuǵın máseleler boyınsha jónelis hám wazıypalardı belgileydi;

Qaraqalpaqstan Respublikasında social-ekonomikalıq reformalardı ámelge asırılıwı hám olardıń monitoringın júrgiziwdi shólkemlestiredi;

Ózbekstan Respublikası Ministrler Mákemesiniń Toplanǵan málimleme-talqılaw departamenti menen birge aymaqlardı social-ekonomikalıq rawajlandırıwdıń kompleks programmaların islep shıǵıwda qatnasıw, olardıń izbe-izlik penen ámelge asırılıwında qatnasadı;

Basqarmaǵa baylanısı bar bolǵan Prezident Húkim, qarar hám buyrıqları, Húkimet qarar hám buyrıqlarınıń atqarıwı ústinen qadaǵalaw boyınsha basqarmanıń iskerligine basshılıq etedi.

Basqarmaǵa kelgen hújjetlerdiń atqarılıwın támiyinleydi. Basqarma qánigelerine tiyisli tapsırmalardı beredi hám olardıń atqarılıwın qadaǵalaw etedi. Basqarmanıń ishki rejimi boyınsha qala hám rayonlarǵa biriktirilgen qánigeler iskerligin muwapıqlastıradı;

Aymaqdı social-ekonomikalıq rawajlandırıw qala hám rayon hákimlikleri, jergilikli basqarıw shólkemleri jumısın shólkemlestiriw, olardıń jumıs iskerligin jaqsılaw hám jetilistiriw boyınsha usınıslardı kiritedi;

Jergilikli hákimlikler, aymaqlıq basqarıw organlar hámde tiyisli Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı kárxana, mákeme hám shólkem basshılarınan hám orınlarda social-ekonomikalıq reformalardı ámelge asırıw, qabıl etilgen qararlardıń waqtında sapalı atqarılıwın talap etedi, olardıń atqarıwı boyınsha operativ hám statistika maǵlıwmatın sorap aladı;

Basqarmanıń málimleme talqılaw iskerliginde alınǵan nátiyjelerdi Ministrler Mákemesine hám Ministrler Keńesi Baslıǵına jetkeredi;

Basqarma xızmetkerleri ortasında wazıypalardı bólistiredi, olardıń atqarılıwın qadaǵalaydı. Basqarma xızmetkerleri tárepinen miynet tártibine ámel etliwin támiyinleydi;

Ministrler Keńesi janında dúzilgen jumısshı komissiya hám basqarmalar jumısında aktiv qatnasadı. Atqarıw tártibin bekkemlew baǵdarında tarawlardaǵı jaǵdaydı sın analizleydi;

Basqarma tárepinen óz kepillikleri sheńberinde tayarlanǵan xat-xabarlarǵa qol qoyadı;

Xalıq deputatları Qaraqalpaqstan Respublikası, qala hám rayon Keńesleriniń sessiyalarında, tómen jergilikli mámleketlik hákimiyat shólkemleriniń jıynalıslarında, Ministrler Keńesi kompleksleri, qala hám rayon hákimliklerinde ótkeriletuǵın jıynalıslarda qatnasadı.

13. Basqarma basshısı waqtınshalıq bolmaǵan táǵdirde onıń wazıypasın bas qánige atqaradı.

14. Basqarmanıń bas hám jetekshi qánigeleri hámde 1-kategoriyalı qánigeleri óz iskerligin belgilengen tártipte tastıyıqlanatuǵın funkcional wazıypalarına muwapıq ámelge asıradı.